

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar pedaran saméméhna, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun struktur carita ngagunakeun tiori Robert Stanton, tuluy ngabandingkeun struktur carita anu ngawengku téma, alur, latar jeung palaku. Hasil analisis dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP. Objék panalungtikan dina ieu skripsi nyaéta naskah drama Nyi Bagendit Gugat karya Dhipa galuh Purba jeung dongéng “Sasakala Situ Bagendit” dina buku *Carita Rayat Jawa Barat* karya Elin Syamsuri.

Naskah drama “Nyi Bagendit Gugat” jeung dongéng “Sasakala Situ Bagendit” nyaritakeun kahirupan randa beunghar anu sagala boga. Éta randa téh ngaranna Nyi Bagendit. Téma dina carita drama nyaéta “Wanoja nu Ngagugat”, Nyi Bagendit ngancik dina awakna Rahma pikeun Nyi Bagendit ngagugat kana carita anju geus sumebar ngeunaan manéhna jalma pedit jeung ka keueum ku cai. Nyi Bagendit ngajak babaturan Rahma kumaha manéhna bisa disebut jalma pedit. Tema dina dongéng “Sasakala Situ Bagendit” nyaéta “Wanoja anu Pedit”, dina kasang tukang randa beunghar, tur sagala boga, anu ngajadikeun manéhna pedit ka sasama. Masarakatna hampir digarawé buburuh ka Nyi Bagendit. kapeditan éta anu nyababkeun Nyi Bagendit cilaka. Nyi Bagendit embung méré ka aki-aki any nyimpang ka imahna. Malahan nepi ka di usirna éta Si Aki téh. Si Aki langsung ka lembur namceubkeun iteuk, tuluy di cabut deui éta iteuk, lila-lia kaluar cai. Anu ahirna Nyi Bagendit ka keueum ku cai alatan manéh riweuh ku mérésan harta banda.

Babandingan struktur carita drama “Nyi Bagendit Gugat” jeung dongéng “Sasakala Situ Bagendit” béda pisan caritana, lantaran ieu dua karya sastra téh miboga inti carita séwang-séwangan. Dina carita drama “Nyi Bagendit Gugat” nyaéta wanoja anu ngagugat kana sebutan jalma pedit, jeung watekna béda pisan jeung dongéngna. Sedengkeun dina dongéngna “Sasakala Situ Bagendit” mah nyaéta nyaritakeun randa beunghar, tur sagala boga, anu ngajadikeun manéhna

pedit ka sasama. Ku miboga watekna kumed, pedit, anu ngajadikeun manéhna cilaka ka keueum ku cai.

Patali jeung bahan pangajaran, carita drama “Nyi Bagendit Gugat” jeung dongéng “Sasakala Situ Bagendit” nyumponan kana kritéria dina milih jeung nyusun bahan pangajaran, sabab euyeub ku ajén-ajén nu bisa mangpaat tur jadi conto pikeun kahirupan siswa sapopoé.

## 5.2 Implikasi

Implikasi anu dipihareup sabada réngsé ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

Pikeun panalungtikan, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina paélmuan nu digarap, miboga data hasil panalungtikan ngeunaan kajian sastra bandingan, sangkan ka hareupna bisa ditalungtik leuwih jero deui.

Pikeun masarakat, nambah pangaweruh ngeunaan kabeungharan ulikan sastra Sunda, utamana maké pamarekan sastra bandingan ngeunaan carita drama “Nyi Bagendit Gugat” karya Dhipa Galuh Purba jeung dongéng “Sasakala Situ Bagendit” dina buku *Carita Rayat Jawa Barat* karya Elin Syamsuri.

Pikeun mahasiswa, dipihareup ieu hasil panalungtikan téh bisa jadi bahan pustaka dina panalungtikan kahareupna.

## 5.3 Rékomendasi

Sanggeus panalungtikan ngeunaan babandingan struktural carita drama “Nyi Bagendit Gugat” jeung dongéng “Sasakala Situ Bagendit” pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu pisan nepikeun sababaraha rékomendasi pikeun pihak nu aya patali jeung panalungtikan, sangkan leuwih gemet deui nalika ngulik perkara sastra bandingan.

Kahiji, dipihareup bisa nguyeuban deui perkara sumber-sumber paélmuan nu bisa méré mangpaat nu leuwih pikeun kamajuan élmu panagaweruh, hususna dina perkara karya sastra Sunda.

Kadua, lembaga paélmuan dipihareup jadi wadah nu bisa ngahudangkeun kareup dina maluruh panalungtikan élmu jeung karya sastra hususna Sunda.

Katilu, hasil panalungtikan téh masih aya kénéh kakurangan, pikeun panalungtikan sateurusna dipihareup bisa leuwih maham ngeunaan konsép jeung

kritéria sastra bandingan. Sabada ngabandingkeun dipihareup lain saukur meunangkeun sasaran jeung bébédanana wungkul, tapi bisa katitén konsép pangwangun dina karya sastra boh éta fakta carita boh éta téma carita.

